



TIMOUN ANT **TWAK AK YUIT AN**

PLAN PEDAGOJIK

MANYÈL POU PARAN

KREYÒL AYISYEN

Deskripsyon Pwogram nan

Plan Pedagojik Enpak yon Bon Paran : Timoun ant twa ak yuit an

Nan tout atelye sa yo, patisipan yo pral devlope konesans ak konpetans pa yo. Y ap jwenn sipò ak kesyon ki gen rapò ak edikasyon timoun tou nan yon anviwònman gwoup ki foki sou devlopman pwen fò.

Atelye 1 : Oryantasyon ak Swen Pèsonèl

Li foki sou bezwen paran yo genyen pou akòde tan ak enèji pou tèt yo afenke yo ka pran swen pitit yo pi byen. Ansanm, paran yo pral eksplore teknik rediksyon estrès, plèn konsyans, ak enpòtans koneksyon sosyal ak lòt moun—tout sa yo se faktè ki ka pwoteje paran yo lè y ap fè fas ak estrès.

Atelye 2 : Estil Edikasyon Timoun

Li foki sou twa estil edikasyon timoun ak kòman chak estil enfluyanse relasyon ki genyen ant paran ak timoun yo nan plizyè fason diferan. Ansanm, paran yo pral eksplore avantaj ak enkonvenyan ki genyen nan chak estil epi egzaminen pwòp estil edikasyon timoun pa yo pandan atelye a.

Atelye 3 : Tanperaman

Li foki sou idantifye tanperaman ak konpreyansyon estil paran yo genyen pou yo reponn pitit pa yo. Ansanm, paran yo pral dekouvri wòl tanperaman yo jwe nan relasyon paran-pitit ak enpòtans ki genyen nan chache konprann pèspektif pitit pa yo.

Atelye 4 : Pòz Kafè pou Paran

Nan yon fòm Pòz Kafè pou Paran, paran yo pral fòme ti gwoup pou diskite plizyè nouvo estrateji swen pèsonèl epi si yo ajiste estil edikasyon timoun pa yo parapò ak tanperaman pitit pa yo.

Atelye 5 : Kominikasyon

Li foki sou faz devlopman lengwistik, estrateji alfabetizasyon ak kominikasyon pozitif. Ansanm, paran yo pral eksplore kòman pou itilize estrateji kominikasyon vèbal ak non-vèbal ki efikas pou ankouraje pitit pa yo pou yo devlope kapasite lengwistik ak kominikasyon.

Atelye 6 : Lanmou ak Limit

Foki sou estrateji disiplin pozitif ak motif ki genyen deyè konpòtman timoun yo. Ansanm, paran yo pral aprann pou yo konprann ak antisipe konpòtman timoun, ak kòman pou reponn nan yon fason ki fèm, konsistan epi ak lanmou afenke yo ka gide pitit pa yo pou metrize pwòp konpòtman pa yo.

Atelye 7 : Jwèt ak Medya yo

Li fokis sou avantaj jwèt, sipò pou paran konsènan jwèt, ak aktivite ki apwopriye pou diferan faz devlopman timoun. Ansanm, paran yo pral diskite estrateji pou kreye yon anviwònman anrichisan pou pitit yo ka jwè ak lòt timoun oswa granmoun, epi avantaj ak risk ekspozisyon ak medya yo, tankou jwèt anliy yo.

Atelye 8 : Parent Café

Revize ide kle ki sòti nan 3 atelye presedan yo. Nan yon fòm Pòz Kafè pou Paran, gen gwoup paran ki pral diskite sa y ap aprann ak nouvo estrateji nan matyè kominikasyon, disiplin pozitif ak ekilib ant jwèt/itilizasyon medya lakay.

Atelye 9 : Aprann ak Pwospere

Li fokis sou diferan estil aprantisaj yo ak lòt faktè ki ankouraje timoun yo pou yo aprann. Ansanm, paran yo pral eksplore estrateji non sèlman pou kreye anviwònman ki reponn ak estil aprantisaj pitit pa yo epi ki ka sipòte aprantisaj yo a nan yon fason ki efikas, men ki kapab yon avantaj pou relasyon paran-pitit la an jeneral tou.

Atelye 10 : Elvè yon Timoun ki Rezistan

Focused on parents' role in the development of their children's resilience-building process. Together, parents will explore ways to support and encourage their children to learn to feel capable and to handle life's ups and downs.

Atelye 11 : Pòz Kafè pou Paran

Revize ide kle konsènan estil aprantisaj ak rezistans. Nan yon fòm Pòz Kafè pou Paran, gen gwoup paran ki pral diskite ki nouvo konesans ak konpetans ki te itil pou yo etan y ap ede pitit pa yo aprann nouvo bagay epi fè fas ak sityasyon ki difisil.

Atelye 12 : Gradyasyon

Yon selebrasyon de kwasans ak akonplisman paran yo epi kominote yo te konstwi pandan dènye twa mwa yo. Ansanm, paran yo pral pataje istwa konsènan enpak patisipasyon yo nan pwogram Enpak yon Bon Paran.

PWOGRAM ENPAK YON BON PARAN™

TIMOUN ANT TWA AK YWIT AN - PLAN PEDAGOJIK LA



Enfòmasyon Paran yo

Non : _____

Zòn / Vil : _____

Sit / Anplasman : _____

Non ak laj timoun yo :

Timoun ant twa ak yuit an
Atelye 1 : Oryantasyon ak Swen Pèsonèl
Ide pou Pran Swen Tèt Mwen

Kilès nan estrateji sa yo ou ta renmen eseye semèn sa a ? Eseye chwazi omwen youn nan chak kategori

1. Sante fizik mwen an

- _____ Konsome fwi ak legim.
- _____ Fè egzèsis detire.
- _____ Fè yon pwomenad 10 minit.
- _____ Danse lakay mwen.
- _____ Jwe jwèt fizik ansanm ak pitit mwen yo (pou amizman).
- _____ Pran medikaman preskripsyon mwen yo chak jou.



2. Sante emosyonèl mwen an

- _____ Pran yon souf epi respire pwofondeman 5 fwa.
- _____ Ekri santiman ak panse w yo nan yon jounal.
- _____ Chache yon lwazi kreyatif (fotografi, penti, chante, koud rad, ekri, danse, elatriye)
- _____ Twouve yon lòt paran pou pataje eksperyans ou yo epi pale.
- _____ Patisipe nan yon aktivite kominotè (bibliyotèk piblik, sant kominotè, òganizasyon relijye, elatriye)
- _____ Konekte ak yon sèvis sipò pou sante mantal ou (konsèy endividyèl oswa konsèy an gwoup).

3. Lespri m nan

- _____ Idantifye yon bagay ou ta renmen aprann (yon lang, yon konpetans, yon metye).
- _____ Li yon chapit nan yon liv oubyen yon atik enteresan.
- _____ Jwenn yon ankadrè oubyen yon moun ou fè konfyans pou mande konsèy.
- _____ Enskri nan yon kou anliy (gen anpil kou anliy ki gratis).

Lòt estrateji



Timoun ant twa ak yuit an
Atelye 1 : Oryantasyon ak Swen Pèsonèl
Afimasyon (Pou Kalme Tèt Ou)

Panse oswa afimasyon pou kalme tèt ou se yon seri bagay panse nan tèt ou oubyen di tèt ou (oubyen w ka aprann pitit ou pou w di tèt li bagay sa yo tou) pou ede w kalme w ak santi fòs ou a.

ESEYE DI BAGAY SA YO :

- Mwen pral rete kirye parapò ak emosyon m yo.
- Mwen kapab rete kè poze.
- Pran yon ti pòz – lese l ale.
- Mwen pral kanpe aktivite sa a pou yon ti tan.
- Si m rete poze, bagay yo ap fini pi byen.
- Mwen gen kapasite pou m kontwole aksyon m yo.
- Mwen pa oblije fache.
- Retire kò w. Rete poze.
- Mwen pral detann mwen. Nou ka pale pita.
- Se pa yon pwoblèm. Mwen kapab jere sa a.
- Mwen p ap monte vwa m epi m pral rete kalm.
- Mwen kapab pale de sa a nan yon fason ki poze.
- Petèt si m fè yon ti mache deyò a, sa a te ka ede m.
- Mwen pa timoun piti. M pa oblije fè estera.
- Se pa yon gwo bagay.
- Mwen kapab jere sa a.
- Mwen kapab pale san rele sou moun.
- Mwen kapab pale de santiman m yo san m pa pran defans.
- Mwen pral pran twa souf pwofon epi m pral chita anpe.



Anplis sa a, ou ka panse ak bagay pozitif ki fè w santi w pi byen : yon bagay ou kontan pou w fè, yon bagay pou detann ou, yon kote w renmen, yon imaj ki kalme w epi ki bay yon santiman pozitif.

Timoun ant Twa ak Yuit an
Atelye 2 : Estil Edikasyon Timoun
Lanmou ak Limit

Ou ka mezire estil edikasyon paran yo nan : (1) Atant paran yo genyen pou pitit yo a epi (2) Afeksyon oswa ekspresyon lanmou ke paran an bay pitit li a.



Kalite edikasyon paran	Atant	Afeksyon (Ekspresyon Lanmou)	Konparezon
Otoritè Fokis sou obeyisans ak pinisyon olye de disiplin	 Elvè	 Ba	Miray an Brik
Reyaktif Kreye yon relasyon pozitif, mete règ yo ann aplikasyon, epi reponn ak bezwen epi ak tanperaman pitit ou a	 Satisfèzan		Kolonn Vètebral
Pèmisiif Li pa mete règleman oswa atant yo ann aplikasyon, paske « timoun se timoun »	 Ba	 Elvè oswa modere	Mediz

Timoun ant Twa ak Yuit an
Atelye 2 : Estil Edikasyon Timoun

Kisa Paran yo Kapab Fè... e Kisa ki Rive Fèt

LÈ PARAN YO...	TIMOUN YO APRANN POU YO...
Montre ak bay afeksyon	<ul style="list-style-type: none"> • Santi yo lanmou ak koneksyon • Renmen lòt moun • Apresye valè yo genyen <p>« Mwen konnen yo pa t seleksyone w pou ekip foutbòl la, men m renmen w epi m fyè de ou dèske w te eseye. »</p>
Ankouraje pitit pa yo	<ul style="list-style-type: none"> • Kontinye fè efò epi pa janm bay vag • Rete pozitif <p>« Mwen wè ke w ap fè yon efò – m panse ou pral reyisi talè konsa ! »</p>
Rekonèt pwèn fò pitit pa yo	<ul style="list-style-type: none"> • Wè pwòp pwèn fò pa yo • Rete konfyan <p>« Li gen dwa difisil, men ann eseye wè si w ka fè l kanmèm. »</p>
Fikse atant ki reyalis	<ul style="list-style-type: none"> • Santi ke yo akonpli yon gran bagay • Aprann kòman pou fikse objektif <p>« Ou pa oblije fè yon mwayèn 10 nan chak egzamen, men m ta renmen w fè pi bon efò ou kapab. »</p>
Aksepte ke li nòmal pou fè erè	<ul style="list-style-type: none"> • Rekonèt ke fè erè se yon pati enpòtan nan aprann • Eseye nouvo bagay <p>« Mwen panse nou ka aprann de erè sa a – sa w panse ? »</p>
Montre ke w pasyan epi koute timoun yo	<ul style="list-style-type: none"> • Devlòpe pasyans • Santi ke moun konprann yo ak aksepte yo • Konprann lòt moun <p>« Se pou w pasyan – wap reyisi ! »</p>

*Adapte apati Best Start Resource Center

Timoun ant Twa ak Yuit an Atelye 3 : Tanperaman Idantifye Tanperaman



Etap 1 : Chwazi YOUN nan pitit ou yo pou w fokus sou li. Pou chak kesyon, ekri chwa a (a c ki pi byen dekri pitit ou a nan kolòn TIMOUN nan.

Etap 2 : Ekri chwa a (a oswa b) ki pi byen dekri tèt ou nan kolòn OU MENM nan.

	TIMOUN NAN	OU MENM
1. Nivo aktivite. Nan ki degrè ou menm ak pitit ou aktif ? a. Aktif anpil b. Poze		
2. Adaptabilite. Èske ou menm ak pitit ou a adapte nou fasil ak chanjman nan woutin oubyen tranzisyon pou kòmanse yon nouvo aktivite ? Èske ou menm ak pitit ou pran anpil tan anvan nou santi nou alèz nan yon seri nouvo sityasyon ? a. Nou pran tan pou n adapte nou b. Nou adapte nou rapid		
3. Fason nou abòde nouvo sityasyon. Èske ou menm ak pitit ou kontan pou n abòde nouvo sityasyon ak nouvo moun ? Oubyen èske ou menm ak pitit ou ezitan oubyen rezistan kont fas ak nouvo sityasyon ? a. Nou pran tan pou n abòde nouvo sityasyon b. Nou lanse nou rapid nan nouvo aktivite		
4. Entansite reyaksyon yo. Èske ou menm ak pitit ou fè gwo reyaksyon emosyonèl epi montre santiman nou yo nan yon fason ki dramatik ? Oubyen èske ou menm ak pitit ou rete poze ak silansye menm lè nou kontan oswa fache ? a. Repons fò b. Repons poze		
5. Tanperaman. Èske ou menm ak pitit ou optimis epi kè nou souvan kontan ? Oubyen èske ou menm ak pitit ou serye anpil oubyen kè nou souvan pa kontan ? a. Nou fache fasil b. An jeneral kè nou kontan		
6. Regilarite. Èske ou menm ak pitit ou vin grangou oswa fatige nan menm lè chak jou ? Oubyen èske ou menm ak pitit ou konn gen bezwen biyolojik sa yo ki travèse nou sanzatann ? a. Li difisil pou prevwa b. Li fasil pou prevwa		

NOTE BYEN : Èske ou menm ak pitit ou preske gen menm pwofil ?
Oubyen èske nou diferan (pa egzanp, youn se A epi lòt la se B pou chak kesyon) ?

Timoun ant Twa ak Yuit an
Atelye 3 : Konekte ak Pitit ou
Sa Paran yo Kapab Fè



Nenpòt tanperaman

- Travay ak tanperaman pitit ou tan pou w eseye chanje li
- Pran prekosyon pou w pa konpare pitit ou ak lòt timoun
- Fokis sou pwèn fò pitit ou yo epi fè yo konnen lè yo fè yon bagay ki bon

Yon tanperaman krentif

- Kenbe lakay ou kalm ak previzib, epi founi yon estrikti nan lavi chak jou pitit ou a
- Itilize youn nan objè favori pitit ou yo pou detann lespri li lè l santi l enkyete pandan yon peryòd tranzisyon
- Prepare pitit ou pou nenpòt nouvo eksperyans ki gen dwa rive

Yon tanperaman fleksib




- Ba li nuvo eksperyans pou ankouraje antouzyas li
- Asire w ke bezwen pitit ou genyen pa vin « pèdi » parapò ak bezwen lòt timoun
- Aprann yo kòman pou evalye sekirite ak akseptabilite diferan aktivite ak konpòtman

Yon tanperaman fougè

- Aplike yon ansanm de prensip ki rete konsistan
- Evite trete pitit ou nan yon fason negatif (rele l « semè twoub », « ipèaktif », oubyen « timoun dezòd »)
- Ofri l yon espas ki sekirize ak kalm kote timoun nan kapab detann li epi rejwenn sans kontwòl li lè l bezwen sa a

Ekri yon nouvo bagay ou ta renmen eseye semèn sa a pou adapte w ak tanperaman pitit ou :

Timoun ant Twa ak Yuit an
 Atelye 5 : Kominikasyon
Kle pou yon Kominikasyon Aktif

 <p>ATITID</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Lè w ap koute : Montre enterè, kiriyozite ak konpasyon. • Lè w ap bay repons : Konprann kòman pawòl ou, ton w ak langaj kòporèl ou a gen dwa chanje siyifikasyon repons ou a.
 <p>ATANSYON</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Lè w ap koute : Prete atansyon ak langaj kòporèl pitit ou a, ton vwa li ak jès li yo. Kanpe nan nivo pa li epi gade l nan je. • Lè w ap ba yrepons : Itilize deklarasyon « lè... lè sa a... » ki montre pitit ou ke w t ap prete atansyon ak sa li te vle a. • « <u>Lè w</u> fin fè devwa w yo, <u>lè sa a</u> ou ka gad televizyon ».
 <p>AFIME SANTIMAN YO</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Lè w ap koute : Bat pou w pa inyore santiman pitit ou genyen oubyen jije l parapò ak sa l ap di a. • Lè w ap reponn li : Itilize fraz ki kòmanse ak « Mwen » pou ekspri pwendevi w san ou pa neglije pwendevi pa li. • « <u>Mwen</u> te santi m fristre lè w te kontinye ap mande m pou n fè yon jwèt pandan m t ap eseye prepare manje a. »

Adapte de The Lost Art of Listening, pa Michael P. Nichols, PhD

Timoun ant Twa ak Yuit an
Atelye 5 : Kominikasyon
Estrateji Kominikasyon

KISA OU DWE FÈ

POUKISA LI ENPÒTAN

PALE AK TÈT OU : Dekri sa w ap fè, panse ak resanti pandan ou fè aktivite chak jou w yo.

KONPREYANSYON : Pitit ou pral tandè diferan mo epi l ap ka itilize mo sa yo nan kontèks reyèl nan mond lan.

FOKIS : Si posib, gade l nan je epi kanpe lòt aktivite w yo.

RESPÈ : Pitit ou pral aprann ke pawòl li yo enpòtan epi ou bay pawòl li valè.

REVIZE : Mete plis detay oubyen kontèks sou sa pitit ou ap di w la.

KWASANS : Pitit ou pral aprann plizyè fason pou l eksprime bagay ki enteres li.

RETE OUVÈ : Lè w ap pale oswa fè lekti, kite kèk Fraz ouvè pou pitit ou kapab fini yo : « Poupe sa a renmen... »

KONTRIBISYON : Pitit ou pral santi l kapab ak konfyan etan l ap kontribye nan konvèsasyon an.

RETE KIRYE : Kòmanse fraz yo ak « M ta renmen konnen si... » oubyen « M panse ou pral renmen... »

ANKOURAJMAN : Pitit ou pral kontan pou pataje sa lkonnen.

PRAN YON PÒZ : Se pou w adapte w ak moman silans yo pou bay pitit ou tan pou konprann sa w ap di l la.

PASYANS : Lè w bay timoun nan tan pou l reflechi, sa a ba l yon chans pou l reponn ou.



Aktivite pou Ranfòse Alfabetizasyon : KONTE ISTWA — DESINEN — JWE « MWEN WÈ TÈL BAGAY » — CHANTE LI — EKRI POWÈM — RESITE POWÈM AK RIM

Timoun ant Twa ak Yuit an Atelye 5 : Kominikasyon **Konsèy sou Aprantisaj Bileng**




- Itilize lang natifnatal ou lakay ou
 - Timoun yo ka aprann plizyè lang diferan an menm tan san pwoblèm.
 - Pale ak pitit ou yo konsènan avantaj ki genyen nan pale de (2) lang diferan lè yo pi gran.
 - Pa bliye ke ou se kle nan kenbe lang natifnatal kè w itilize lakay ou a vivan. Si w bay li valè, pitit ou ap aprann pou ba li valè tou.
- Konte istwa, chante chanson ak pataje liv ansanm
- Pataje istwa, chan, rim, powèm, pwovèb ak chanson ke w te aprann lè w te timoun piti epi ki konstitye yon pati enpòtan nan eritaj ou a.
 - Li yon liv bay pitit ou chak jou nan lang ou santi w pi konfòtab ladan.
 - Si w pa santi w alèz ap li pawòl, ou kapab lonje dwèt ou sou imaj ki nan liv la epi pale de imaj yo ansanm ak pitit ou.
- Prete liv ak lòt materyèl ki ekri nan lang natifnatal ou a nan bibliyotèk la
- Chache liv, DVD ak mizik ki nan lang pa w.
- Pale konsènan tradisyon w yo ak kilti w la. Vizite saldeklas oubyen gadri pitit ou a.
- Pataje lang ak tradisyon w yo, tankou chanson famiyal.
- Aprann pitit ou jwèt ou te konn fè lè w te timoun.
- Chache aktivite ki genyen nan kominote w la
- Asiste festival ak konsè kiltirèl epi fè konesans ak lòt fanmi ki pale menm lang avè nou.

Adapte apati Too Small to Fail

<https://www2.ed.gov/documents/early-learning/talk-read-sing/bilingual-en.pdf>

Timoun ant Twa ak Yuit an
Atelye 6 : Lanmou ak Limit
Konprann Motivasyon ak Konpòtman

Rezon Posib ki Esplike Poukisa Timoun yo fè sa yo fè



Timoun ant Twa ak Yuit an
 Atelye 6 : Lanmou ak Limit
Fich Travay – Disiplin sou Fom Ansèyman



Enstriksyon : Nan gwoup de (2) moun oubyen ti gwoup, ranpli tablo a ak ide w yo. Chwazi pwòp « egzanj konpòtman » pa w oubyen itilize egzanj ki vin aprè yo. (NOTE BYEN : pa gen ni bon ni move repons !)

Konpòtman pwoblematik	A ki laj timoun nan ta dwe aprann « metrize konpòtman sa a » ?	Ki rezon oswa motif posib ki esplike konpòtman sa a lakay pitit ou ?	Ki estrateji disiplin pozitif ou ta va eseye avèk pitit sa a ?
Chwazi pwòp egzanj pa w			
Egzanj : Timoun nan refize ranje jwèt li yo / netwaye espas la			
L ap eseye evite kouche al dòmi nan lè li sipoze fè sa a			

Timoun ant Twa ak Yuit an
Atelye 6 : Lanmou ak Limit
ABCs of Positive Discipline

Antisipe pwoblèm yo : Nan planifye alavans, ou kapab rann li fasil pou pitit ou ka rete an sekirite epi konpòte l nan yon fason ki apwopriye. Asire ke pitit ou pa ni fatige ni grangou.

Bat pou w vin yon bon pwofesè : Aprann pitit ou mo ak salitasyon ki edike. Pratike kòman pou l byen konpòte l nan yon seri sityasyon ki nouvo pou li. Di pitit ou lè l te fè yon bagay ki bon, epi montre l kòman ou kontan avèk li. Ba li yon ti rapèl ak jantiyès lè l ap konpòte l mal. Bay ti blag pou w evite kreye konfli.

Chache pou w rete kalm : Si pitit ou konpòte l nan yon fason ki fè w nève, bat pou w pa reyaji. Rale yon souf, kontwole sòti 1 rive 10, vire do w oubyen sòti nan chanm nan. Ou kapab reponn li lè w santi w pi poze.

Se pou w apiye l lè w ap montre l solisyon an. Bay jis ase sipò pou ede timoun nan reyisi poukont li. Poze yon kesyon nan yon fason pou ede l twouve bon repons lan. Bay pitit ou yon seri mo pou ede yo poze yon kesyon ak jantiyès oubyen pou ede l sonje sa l sipoze fè. Se etap pa etap.



Timoun ant Twa ak Yuit an
Atelye 6 : Lanmou ak Limit

Estrateji ki KAPAB ede chanje konpòtman yon timoun piti (ak ki estrateji pou w evite tou)

Pou yon disiplin ki efikas



Ou DWE Eseye :



- Bay direktif ki klè ak presi
- Esplike limit yo nan yon vwa kalm (Si... alò...)
- Bay konsekans akoutèm ki rezonab (pa egzanp, si l jete yon jwèt, li p ap ka jwè avèk li pandan yon tan).





EVITE :



- Ensilte pitit ou, joure l oswa fè l wont
- Pale ak sakas oubyen leve vwa l sou li
- Voye l nan chanm li pou l rèt poukont li
- Menase fè yon bagay ke w pa pral fè vreman
- Pinisyon fizik (souke l, ba l kalòt, ba l tap nan deyè, elatriye)



Timoun ant Twa ak Yuit an
Atelye 7 : Jwèt ak Itilizasyon Medya
Tip Divètisman : Jwèt ak Aktivite

<p>Objektif (Manipilatif)</p> 	<ul style="list-style-type: none"> • Jwèt ki sèvi ak dwèt epi ak men pou konstwi diferan objè. • Se yon jwèt ki fèt avèk anpil esè (konstwi, detwi) epi konekte diferan pyès yo ansanm. 	<p>Jwèt konstriksyon Kastèt chinwa Jwèt pou trase chema Jwèt pou abiye ak jwè ak fisèl Jwèt pou jwè nan sab oswa dlo</p>
<p>Fizik / Aktif</p> 	<ul style="list-style-type: none"> • Jwèt ki fèt ak tout kò a. Se jwèt tankou kouri, sote, grenpe, mache sou kat pat, vire, jete, lit sovaj, pouchas, ak batay jwèt. • Jwèt sa yo vin pi frekan etan timoun nan ap grandi sòti nan laj preskolè. 	<p>Jwèt ou pouse oswa rale Jwèt ou ka monte tankou machin Balon Ekipman deyò ak jimnastik Ekipman espòtif</p>
<p>Imajinatif / Kreyatif</p> 	<ul style="list-style-type: none"> • Jwèt ki sèvi ak objè epi ak imajinasyon timoun nan pou aji. • Se jwèt tankou je de wòl oubyen imajinasyon pou pretann itilize objè nan plizyè fason diferan (tankou itilize yon blòk kòm yon jwèt). Anplis, jwèt ki fèt ak mizik, boza, dans, elatriye. 	<p>Poupe/nounous/maryonèt Abiye/je de wòl Jwèt ewo tankou Sipèman Enstriman mizik Materyèl pou fè boza Liv/lekti</p>
<p>Sosyal</p> 	<ul style="list-style-type: none"> • Jwèt kolaboratif (timoun preskolè oswa ki pi gran) • Timoun yo kòmanse aprann pran tou ak swiv règleman epi direktif pi byen etan y ap grandi. Granmoun yo mwens enplike. 	<p>Kach-kach liben Jwèt sosyete Pyès teyat/sènaryo</p>

Timoun ant Twa ak Yuit an
Atelye 7 : Jwèt ak Itilizasyon Medya
Sa Paran yo Kapab Fè

Mond Jwèt Timoun yo

- Rete disponib pou pitit ou : Poze kesyon, ba l akòlad epi ede l si l bezwen èd (men eseye pa « pran kontwòl » jwèt la)
- Fikse limit epi sipèvize li, men pèmèt pitit ou pou l chwazi sa l vle fè tou
- Aksepte ke pitit ou pral enterese ak yon seri jwèt diferan etan l ap grandi ak devlòpe
- Ankouraje timoun yo pou yo aprann jwè poukont yo pafwa
- Ankouraje timoun yo pou yo jwe youn ak lòt etan y ap grandi epi yo santi yo prè pou sa a
- Ba li yon ansanm jwèt diferan ki enteresan ak yon seri nouvo aktivite li kapab fè
- Montre pitit ou ke jefò l ap fè a pi enpòtan pase pou l genyen, sitou nan jwèt konpetitif

Jwè ansanm

- Be responsive to your children's ideas, and let them take the lead
- Montre enterè pou ide pitit ou genyen yo, epi kite l dirije jwèt la
- Fè yon seri aktivite ke nou toulede renmen fè
- Pwograme yon tan pou w jwè ansanm ak pitit ou yo kote w pa gen okenn distraksyon
- Amize w tou
- Montre pitit ou yon seri jwèt ou te konn fè lè w te timoun



Timoun ant Twa ak Yuit an
Atelye 7 : Jwèt ak Itilizasyon Medya

Se pou w Entelijan (SMART) ak Medya yo : 10 Konsèy pou yon Fanmi an Sante

Se pou w fikse limit ak atant

- Evite pou timoun piti yo wè kontni ki pa apwopriye
- Evite mete aparèy dijital yo nan chanm pitit ou
- Etenn tout aparèy yo inèdtan anvan li ale kouche

Mete kontwòl sou aktivite yo

- Konnen sa pitit ou ap gade sou YouTube, televizyon, fim, mizik ak jwèt

Aji pou kenbe yon ekilib

- Asire ke pitit ou fè anpil aktivite fizik
- Prepare bon manje oubyen achte bon altènatif olye w achte manje ki pa bon pou lasante

Rete yon bon modèl

- Montre egzanp de aksyon ki bon pou lasante tankou limite tan devan ekran, manje fwi ak legim, epi fè egzèsis regilyèman
- Evite gade pwogram sou televizyon, koute mizik oswa jwèt ki pa apwopriye pou timoun lè pitit ou la avè w

Tante aprann tèt ou

- Asire ke w konprann sistèm evalyasyon pou seri televizyon, fim, mizik ak jwèt
- Konsilte sit www.kids-in-mind.com pou jwenn fim ki annakò ak valè fanmi w pou kontni ki apwopriye pou timoun

S
M
A
R
T





e pou w fikse limit ak atant
ete kontwòl sou aktivite yo
ji pou kenbe yon ekilib
ete yon bon modèl
ante aprann tèt ou

Kisa w pral fè ?








Timoun ant Twa ak Yuit an
Atelye 9 : Aprann ak Pwofite
Sipòte Estil Aprantisaj Pitit ou

- Men kèk konsèy sou kòman w ka ede pitit ou aprann nan yon fason ki apwopriye pou estil aprantisaj yo a
- Gade pou wè si w ka ajoute kèk nan pwòp ide pa w yo tou

<p>Vizyèl</p> 	<p>Oditif</p> 
<ul style="list-style-type: none"> • Fè kat revizyon ak foto sou yo • Itilize plim an koulè lè w ap ekri • Chache liv ki gen foto oswa woman grafik pou li <p>Mwen ta ke eseye...</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Li liv awotvwa • Koute liv sou fòm odyo • Kreye chanson oswa rim pou memorize enfòmasyon • Mwen te ka eseye...
<p>Vèbal</p> 	<p>Taktil/Kinestetik</p> 
<ul style="list-style-type: none"> • Pale konsènan sa w ap aprann • Repete endikasyon vèbal yon dezyèm fwa • Itilize schema pou memorize enfòmasyon (pa egzanp, ROY G BIV pou koulè lakansyèl yo ann anglè) • Mwen te ka eseye... 	<ul style="list-style-type: none"> • Jwè ak yon bagay lè w ap li oswa etidye (pa egzanp, pat pou modele, yon balon anti-estrès) • Leve epi bouje lè w ap etidye • Kreye modèl 3 dimansyon • Mwen te ka eseye...

Timoun ant Twa ak Yuit an
 Atelye 9 : Aprann ak Pwofite
Yon Mantalite Kwasans oswa yon Mantalite
Fikse



	Mantalite Fikse	Mantalite Kwasans
<u>Kwayans Jeneral</u>	Kapasite ak talan m yo natirèl. Mwen ka fè bagay sa yo paske m fèt ak talan sa yo.	Mwen ka aprann, devlòpe ak ranfòse kapasite ak talan mwen yo. 
Kwayans sou Chanjman / Erè	Chanjman ak erè yo montre lòt moun ke m enkapab.	Se okazyon pou m grandi. 
Atitud Konsènan Defi yo	Evite yo.	Wè defi yo kòm yon bagay pozitif. 
Atitud konsènan Erè	Yo pè erè epi yo eseye evite erè.	Fè fas ak erè yo epi aprann de yo. 
Zòn Konfò	Rete nan zòn konfò ki deja egziste a epi refize depase l.	Kontinye pete plafon an pou rann zòn konfò a pi laj. 
Kòman pou Devlòpe	Konsantre sou talan/kalite, pa egzanp « Ou tèlman entelijan ! Ou te fèt pou w yon syantifik ! »	Konsantre sou jefò ak aprantisaj, Pa egzanp « Ou te fè tout sa w te ka fè ! Ann wè kisa nou ka fè toujou. » 

Timoun ant Twa ak Yuit an
 Atelye 10 : Elvè yon Timoun ki Rezistan
Montre Egzanp yon Moun ki Rezistan

LÈ PARAN YO....	TIMOUN YO APRANN POU YO...
Montre ak bay afeksyon	<ul style="list-style-type: none"> • Santi yo lanmou ak koneksyon • Renmen lòt moun • Apresye valè yo genyen <p>« Mwen konnen yo pa t seleksyone w pou ekip foutbòl la, men m renmen w epi m fyè de ou dèske w te eseye. »</p>
Ankouraje pitit pa yo	<ul style="list-style-type: none"> • Kontinye fè efò epi pa janm bay vag • Rete pozitif <p>« Mwen wè ke w ap fè yon efò – m panse ou pral reyisi talè konsa ! »</p>
Rekonèt pwen fò pitit pa yo	<ul style="list-style-type: none"> • Wè pwòp pwen fò pa yo • Rete konfyan <p>« Li gen dwa difisil, men ann eseye wè si w ka fè l kanmèm. »</p>
Fikse atant ki reyalis	<ul style="list-style-type: none"> • Santi ke yo akonpli yon gran bagay • Aprann kòman pou fikse objektif <p>« Ou pa oblije fè yon mwayèn 10 nan chak egzamen, men m ta renmen w fè pi bon efò ou kapab. »</p>
Aksepte ke li nòmal pou fè erè	<ul style="list-style-type: none"> • Rekonèt ke fè erè se yon pati enpòtan nan aprann • Eseye nouvo bagay <p>« Mwen panse nou ka aprann de erè sa a – sa w panse ? »</p>
Montre ke w pasyan epi koute timoun yo	<ul style="list-style-type: none"> • Devlòpe pasyans • Santi ke moun konprann yo ak aksepte yo • Konprann lòt moun <p>« Se pou w pasyan – wap reyisi ! »</p>

*Adapte apati de Best Start Resource Cen

Refleksyon

Ki seyans ki te gen yon pi gran enpak sou fason m edike pitit mwen an ?

Ki konsèy mwen resevwa nan men yon lòt paran ki te enfliyanse m anpil ?

Lè pitit mwen reflechi sou fason mwen te edike yo yon jou nan lavni, mwen ta swete ke yo di :

Resous

Twouve yon pwogram : <https://www.families-first.org/find-a-program/>

Adrès : 50 Hunt St, Watertown, MA 02472 (Main Office)

Nimewo telefòn : 617-868-7687

Sit wèb prensipal : <https://www.families-first.org/>



Swiv nou sou Facebook !

Rejyon Vil Boston an : <https://www.facebook.com/familiesfirstma/>

Pati Lwès Massachusetts : <https://www.facebook.com/FamiliesFirstWesternMA>

Enskri sou Pòtay nou an pou Ansyen Etidyan ! <https://www.families-first.org/alumniportal/>



Non itilizatè : _____

Mòdpas : _____